

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsiken hasil panalungtikan.

Nurutkeun Suryabrata (2006:74):

“Penelitian deskriptif adalah membuat pencandraan secara sistematis, faktual, dan akurat mengenai fakta-fakta dan sifat-sifat populasi atau daerah tertentu.”

Nu kaasup kana ieu panalungtikan nya éta studi kasus, survéi, studi pengembangan, jeung studi korélasi.

Méthode Déskriptif dipaké pikeun ngadéskripsikeun hiji variabel panalungtikan atawa leuwih. Variabel anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta variabel kaparigelan maca pamahaman siswa, variabel kamampuh ngaprésiasi carpon siswa, jeung korélasi kamampuh maca jeung kamampuh ngaprésiasi carpon siswa SMA.

3.2 Populasi jeung Sampel

3.2.1 Populasi

Nurutkeun Arikunto (2006:130) populasi nya éta sakabéh subjék dina panalungtikan.

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing kamampuh maca jeung kamampuh ngaprésiasi nu aya dina subjék panalungtikan. Subjék dina ieu

panalungtikan ngawengku sakabéh siswa SMA Pasundan I Bandung. Tapi, ku sabab aya sababaraha tinimbangan panalungtik saperti, samporétna waktu, waragad sarta kaayaan siswa, nu jadi objék dina ieu panalungtikan ngabalukarkeun ieu panalungtikan kudu diwatesanan.

Dumasar kana sababaraha hal di luhur, objék panalungtikan diwatesanan nya éta sakabéh siswa kelas X anu jumlahna 658 siswa nu kabagi jadi 14 kelas ti mimiti kelas X-1 nepi ka X-14.

3.2.2 Sampel

Sampel nya éta sabagian atawa wawakil populasi anu rék ditalungtik.

Nurutkeun Arikunto (2006:134), nya éta:

“apabila subjeknya kurang dari 100, lebih baik diambil semua sehingga penelitiannya merupakan penelitian populasi. Tetapi, jika jumlah subjeknya besar, dapat diambil rata-rata 10-15% atau lebih, tergantung setidaknya dari:

- a. kemampuan peneliti dilihat dari waktu, tenaga dan dana;*
- b. sempit luasnya wilayah pengamatan dari setiap subjek, karena hal ini menyangkut banyak sedikitnya data;*
- c. Besar kecilnya resiko yang ditanggung peneliti.”*

Dumasar kana hal-hal di luhur, sampel dina ieu panalungtikan ditangtukeun 15% tina populasi anu geus ditangtukeun nya éta 90 jalma, panalungtik nangtukeun dua kelas pikeun sampel nya éta kelas X-2 jeung kelas X-4.

3.3 Prosedur Panalungtikan

Dina prosedur panalungtikan dijaskeun ngeunaan téknik atawa cara panalungtikan anu dilaksanakeun dina sababaraha cara nya éta ngumpulkeun data, jeung nangtukeun instrumén, saperti ieu di handap:

3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik dina ieu panalungtikan nya éta ku cara ngalaksanakeun tés. Tés digunakeun pikeun ningali kamampuh maca jeung kamampuh ngaprésiasi.

Léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun tés pikeun ngumpulkeun data saperti ieu di handap.

1. Panalungtik ngajelaskeun heula téknis dina ngayakeun tés jeung dina nangtukeun waktu gancangna maca,
2. Ngabagikeun instrumén tés ka siswa. Wacana anu digunakeun nya éta carpon “*Diidi Maok Deui*” nu témana silih asih ka sasama nu dicutat tina majalah basa Sunda *Manglé* édisi 1883,
3. Panalungtik nyatet waktu mimiti maca satuluyna siswa nu geus réngsé maca kudu méré nyaho ka panalungtik sangkan dicatet waktu réngsé maca. Pikeun ngukur waktu gancangna maca panalungtik ngagunakeun stopwatch,
4. Carpon nu geus réngsé dibaca dikumpulkeun deui,
5. Sanggeus sakabéh siswa réngsé maca, panalungtik ngabagaikéun soal tés anu kudu dikerjakeun ku siswa.

3.3.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa hal anu kawilang penting dina prosés panalungtikan, sabab kahontal henteuna tujuan panalungtikan nu dipiharep ditangtukeun ku alus henteuna instrumén, sabab data anu diperlukeun pikeun ngajawab patalékan panalungtikan jeung nguji hipotésis bakal kanyahoan tina instrumén nu digunakeun.

Ku kituna, instrumén salaku alat pikeun ngumpulkeun data kudu disusun kalawan gemet pikeun ngahasilkeun data anu objéktif.

Instrumén atawa alat anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta.

1. **Tés.** Tés nu digunakeun nya éta tés objéktif atawa tés pilihan ganda nu ngagunakeun lima option.
2. **Wacana.** Wacana nu digunakeun nya éta carpon anu dicutat tina majalah *Manglé* anu témana silih asih ka sasama nu judulna “*Didi Maok Deu.i*”

3.4 Validitas Instrumen

3.4.1 Uji Validitas Jeung Réliabilitas

3.4.1.1 Uji Validitas

Nurutkeun Arikunto (2006:168) validitas nya éta ukuran nu nuduhkeun tingkatan-tingkatan validna instrumén. Instrumén nu valid atawa sah sah mibanda validitas anu luhur, sabalikna instrumén anu kurang valid berarti mibanda validitas anu kawilang asor. Luhur asorna validitas instrumén nuduhkeun sajumlah mana data nu bisa kakumpulkeun teu nyimpang tina gambaran ngeunaan validitas nu dimaksud.

Nurutkeun Arifin (1990:109-121) nyebutkeun sacara gurat badag, uji validitas hiji tés bisa katingali tina: 1) validitas eusi (*conten validity*), 2) validitas empiris (*emphirical validity*), 3) validitas Konstruk (*construc validity*).

Nu dimaksud validitas eusi ngandung harti tés hasil dianggap valid lamun matéri tés bener-bener dicokot tina bahan pangajaran nu geus dibikeun jeung aya dina kurikulum.

Uji validitas eusi anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nya éta ku jalan nyieun kisi-kisi. Dina kisi-kisi kagambar bahan-bahan naon anu rék dibikeun, katégori aspék-aspék naon baé anu rék diukur, tingkat kasukaran unggal item, legana ambahan matéri anu rék ditepikeun, jeung konci jawaban.

Pikeun nguji validitas émpiris digunakeun téknik statistik nya éta ngagunakeun téknik korélasi. Rumus korélasi nu digunakeun nya éta anu diébréhkeun Pearson, anu ilaharna disebut rumus korélasi “*product moment*”, nya éta:

$$r_{xy} = \frac{\sum xy}{(\sum x^2)(\sum y^2)}$$

Keterangan:

r_{xy} : Koéfisién Korélasi

x : Jumlah skor anu dikuadratkeun tina uji coba

y : Jumlah skor anu dikuadratkeun tina peunteun rapot

Pikeun nagtukeun tingkat validitas aya sababaraha katantuan nya éta:

0,00-0,20 : teu aya korélasi (alat teu valid)
0,21-0,40 : korélasi handap (validitas sedeng)
0,41-0,60 : korélasi sedeng (validitas sedeng)
0,61-0,80 : korlasi luhur (validitas luhur)
0,81-1,00 : korélasi sampurna (validitas sampurna)

3.4.1.2 Uji Réliabilitas

Nurutkeun Arikunto (2006:178) “*Reliabilitas menunjukkan pada satu pengertian bahwa sesuatu instrumen cukup dapat dipercaya untuk digunakan sebagai alat pengumpulan data karena instrumen tersebut sudah baik*”, sedengkeun Sujana (1989:120-121), nyebutkeun “*Reliabilitas alat ukur adalah ketepatan atau keajegan alat tersebut dalam mengukur apa yang diukur*”.

Dina wangenan nu ditétélakeun ku para ahli di luhur bisa dicindekkeun Réliabilitas téh nya éta keterandalan hiji instrumén pikeun ngumpulkeun data sarta ngahasilkeun data anu bisa dipercaya atawa nu bisa dipertanggung jawabkeun.

Téknik nu digunakeun pikeun nguji “*Koefisien Korelasi*” (Réliabilitas) nya éta ngagunakeun rumus KR_{20} , ieu rumus digunakeun sabab panalungtik ngagunakeun instrumén anu jumlah patalékanna ganjil. Rumus KR_{20} nya éta:

$$K-R20 = \frac{(K) (Vt - \sum Pq)}{(K-1) (Vt)}$$

Keterangan:

KR : Koéfisién Réliabilitas

K : Lobana Pertanyaan

Vt : Varian total

P : Proporsi subjék nu ngajawab

$P = \frac{\text{Lobana subjék nu skorna 1}}{N}$

N

Proporsi subjék nu nilaina 0

$q = \frac{\text{Lobana subjék nu nilaina 0}}{N}$

($q = 1 - p$)

Penafsiran ma'na réliabilitas perlu ngaliwatan panalungtikan sangkan leuwih jéntré, ieu di handap diébréhkeun tabel ngeunaan réliabilitas:

Tabel 3.1
Koefisién Korélasi

Koefisien korelasi	kualifikasi
Kuarang dari-0,20	Rendah sekali
0,21-0,40	Rendah
0,41-0,70	Sedang
0,71-0,90	Tinggi
0,90 - keatas	Tinggi sekali

3.4.1.3 Uji Kesukaran

Nurutkeun Arikunto (2006:280) anu dimaksud tingkat kesukaran nya éta *“kemampuan tes tersebut dalam menjaring banyaknya subjek peserta tes yang dapat mengerjakan denagan betul”*.

Tina pamadegan Arikunto di luhur bisa dicindekkeun, yén lamun siswa anu dijadikeun sampel ku urang bisa ngerjakeun tés sarta jawaban tés loba nu bener, éta tés ngabogaan tingkat kesukaran handap, sabalikna lamun loba siswa anu teu bisa ngajawab hartina soal téh ngabogaan tingkat kesukaran anu luhur.

Kritéria pikeun nangtukeun tingkat kesukaran soal tés nu hadé nurutkeun Nurkanca (Yulianti, 2004: 68) nya éta 25% nepi ka 75%, sedengkeun nguji tingkat kesukaran soal subjéktif digunakeun rumus, saperti ieu di handap:

$$\frac{TK = WL + WH}{nL + nH} \times 100\%$$

Katerangan

TK : Tingkat Kesukaran

WL: Jumlah siswa nu ngajawab salah ti kelompok asor

WF : Jumlah siswa anu nagjawab bener ti kelompok luhur

N L : Jumlah siswa kelompok asor

NH : Jumlah siswa kelompok luhur

Pikeun ningali gambaran ngeunaan klasifikasi tingkat kesukaran, bisa ditingali dina tabél ieu di handap:

Tabel 3.2

Tingkat Kesukaran Instrumen

Tingkat kesukaran	Tapsiran
0,00-0,30	Soal hese
0,31-0,70	Soal sedeng
0,71-1,00	Soal babari

Pikeun ngainterprétasikeun peunteun tingkat kasukaran item soal di luhur bisa digunakeun patokan anu diébréhkeun ku Arifin (1990:135), saperti ieu di handap:

- a. siswa nu gagal ngahontal 27% kaasup babari
- b. siswa nu gagal ngahontal antara 28%-80% kaasup sedeng
- c. siswa nu gagal ngahontal 72% kaasup hésé

3.4.1.4 Uji Daya Pangbéda

Daya Pangbéda nya éta kamampuh tés dina misahkeun atawa ngabédakeun antara subjék nu pinter jeung nu kurang ku kituna, tujuan uji daya pangbéda nya éta pikeun nguji daya béda soal tés, naha éta tés téh bisa ngabédakeun antara siswa nu pinter jeung nu kurang.

Pikeun ngitung daya pangbéda soal wangun objéktif bisa ngagunakeun rumus saperti ieu di handap:

$$DB = \frac{WL - WH}{N}$$

Keterangan:

DB: Daya beda soal

WL: Jumlah siswa anu ngajawab salah ti kelompok asor

WH: Jumlah siswa nu ngajawab salah ti kelompok luhur.

3.4.1.5 Prosedur Ngolah Data

3.4.1.5.1 Uji sifat Data

- a. Ngolah skor tés kamampuh maca jeung kamampuh ngaprésiasi carpon.
 1. Nangtukeun bobot soal
 2. Ngitung Skor Atah kotor (SAK) ku cara ngitung jumlah soal nu bener dikali bobot soal
 3. Ngitung Skor Atah Beresih (SAB)

$$S = \frac{(\sum R - \sum W)}{n-1} \times W_t$$

Keterangan:

- S : Skor anu ditéangan
 $\sum R$: Jumlah jawaban bener
 $\sum w$: Jumlah jawaban salah
 n : Option
 l : Angka nu geus matok
 Wt : Bobot soal

- b. Napsirkeun skor kamampuh maca

Pikeun napsirkeun skor kamampuh maca ngagunakeun rumus saperti ieu di handap:

$$\frac{\text{Skor Atah Beresih (SAB)}}{\text{Skor idéal (SI)}} \times 100$$

c. Ngitung Korélasi

Pikeun ngitung korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh ngaprésiasi carpon ngagunakeun rumus, saperti ieu di handap:

$$r_{xy} = \frac{\sum xy}{(\sum x^2)(\sum y^2)}$$

Atawa

$$r_{xy} = \frac{\sum xy - \frac{(\sum x)(\sum y)}{n}}{\sqrt{\left\{ \frac{\sum x^2 - (\sum x)^2}{n} \right\} \left\{ \frac{\sum y^2 - (\sum y)^2}{n} \right\}}}$$

d. Napsirkeun Koéfisien Déterminasi

Pikeun napsirkeun koéfisien déterminasi ngagunakeun rumus, saperti ieu di handap:

$$R^2 = \frac{b (n\sum x - (\sum y))}{n\sum y^2 - (\sum y)^2}$$

$$B = \frac{b (\sum xy - (\sum x)(\sum y))}{n\sum X^2 - (\sum X)^2}$$

e. Uji Hipotésis

Pikeun nguji hipotésis digunakeun rumus, saperti ieu di handap:

$$Uji t = r \sqrt{(n-2)}$$

$$\frac{\text{-----}}{\sqrt{1-r^2}}$$

Keterangan:

T : Peunteun nu ditéangan

R : Koéfisién Réliabilitas

N : Jumlah data

r^2 : Kuadrat Koéfisién korélasi

